



Pou Piblikasyon Imedya: 18/01/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 78 MILYON DOLA POU PWOJÈ ENFRASTRIKTI
SISTÈM DLO PWÒP AK DLO POTAB**

***Vant obligasyon 847 milyon dola yo pwopoze a prevwa ekonomize 149 milyon
dola pou kontribyab nan Vil New York***

***Asistans finansye pou Vil New York gen ladann 50 milyon dola adisyonèl pou yon
pwojè Ddo potab kontinyèl***

***Apre 8 milyon dola nan finansman Lwa sou Enfrastrikti Bilateral la ap sipòte
pwojè nan rejyon Kapital la ak Southern Tier***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a Konsèy Administrasyon Kòporasyon Enstalasyon Anviwònman (Environmental Facilities Corporation, EFC) la te apwouve 78 milyon dola nan asistans finansye pou pwojè amelyorasyon enfrastrikti dlo nan Rejyon Kapital la, Finger Lakes, Vil New York, North Country, Southern Tier ak rejyon Lwès New York yo. Investisman sa yo pral ede kominote gwo kou piti antreprann pwojè ki enpòtan anpil pou sante piblik, kalite lavi, devlopman ekonomik ak pwoteksyon anviwònman an.

"Amelyore enfrastrikti dlo nou an esansyèl pou konstwi kominote New York ki an sekirite ak an sante", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Asistans finansyè sa a fè tout diferans pou nou kapab bay Nouyòkè dlo potab, pwoteje resous natirèl nou yo epi asire pwojè yo reyisi ak abòdab."

Apwobasyon Konsèy la enkli finansman atravè [Fon Woulman Eta a pou Dlo Pwòp \(Clean Water State Revolving Fund, CWSRF\)](#) ak [Fon Woulman Eta a pou Dlo Potab \(Drinking Water State Revolving Fund, DWSRF\)](#), ak sibvansyon yo te deja anonse konfòmman ak pwogram [Amelyorasyon Enfrastrikti Dlo \(Water Infrastructure Improvement Act, WIIA\)](#) ak [Sibvansyon Entèminisipal \(Intermunicipal Grant, IMG\)](#). EFC atravè pwogram Fon Woulman Eta a ap administre finansman ki soti nan Lwa sou Enfrastrikti Bilateral la (Bipartisan Infrastructure Law, BIL) pou enfrastrikti dlo ak egou. Apwobasyon Konsèy la otorize aksè minisipal nan kapital pou demare pwojè enfrastrikti dlo ak egou enpòtan yo.

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Kòporasyon Etablisman Anviwònmanal la, Maureen A. Coleman, te deklare, "Yo demontre yon lòt fwa ankò angajman Gouvènè Hochul pou dlo pwòp ak envèstisman enpòtan jodi a, apre yo te anonse 325 milyon dola pou sibvansyon dlo Eta nan kòmansman semèn sa a. N ap fè amelyorasyon estratejik nan enfrastrikti dlo eta nou an epi envestisman sa yo pral benefisyè Nouyòkè yo pou jenerasyon k ap vini yo".

Pwojè dlo pwòp yo:

- **Otorite Finans Dlo Minisipal Albany (Rejyon Kapital)** – 2,127,250 dola finansman akoutèm san enterè ak 4,254,500 dola sibvansyon ki soti nan fon siplemantè jeneral BIL la, ansanm ak yon sibvansyon WIIA 3,625,000 dola pou planifikasyon, konsepsyon ak konstriksyon pwojè rediksyon debòdman egou konbine ki konstwi nan Vil Troy, Albany ak Cohoes pou sipòte Plan Kontwòl Alontèm Devèsman Egou Konbine Albany an.
- **Vilaj Endicott nan Konte Broome (Southern Tier)** – 75,295 sibvansyon WIIA pou konstriksyon amelyorasyon sistèm koleksyon.

Pwojè Dlo Potab:

- **Otorite Finans Dlo Minisipal Vil New York** – 50,000,000 dola finansman akoutèm nan to mache a pou konstriksyon yon dezyèm tinèl transpò dlo ki soti nan rezèwa Kensico rive nan Etablisman Dezenfeksyon Iltavyolèt Catskill/Delaware nan Eastview.
- **Vilaj Portville nan Konte Cattaraugus (Western NY)** – 1,622,559 dola finansman akoutèm san enterè ak 785,971 dola sibvansyon nan fon siplemantè jeneral BIL, ansanm ak yon sibvansyon 3,000,000 dola WIIA pou amelyorasyon nan sous pi ak bilding tretman yo; tretman klò ak pwosesis sistèm tretman fliyò ak rezèwa estokaj nò a; ranplasman rezèwa estokaj sid la, tiyo, ván ak bouch ensandi ki vyeyi epi ki pa gen ase gwosè; ak enstalasyon telemetri ak nouvo kontè dlo.
- **Vil Rochester nan Konte Monroe (Finger Lakes)** – 3,000,000 dola sibvansyon WIIA pou ranplasman apeprè 1,100 sèvis dlo plon, ki plonbe ak galvanize.

Pwojè refinansman ki konplete yo ap reyalize ekonomi nan sèvis dèt alontèm yo Konsèy la te pran mezi tou pou asire abòdabilite kontini epi alontèm pwojè ki egziste yo. Sa gen ladann apwouve yon vant obligasyon 847 milyon dola pou refinance plizyè pwojè dlo ize ak dlo potab ak ranbousman obligasyon anvan yo te bay Otorite Minisipal pou Finansman Dlo Vil New York la (New York City Municipal Water Finance Authority, NYCMWFA) Refinance vant obligasyon yo bay ekonomi anplis pou kontribiyab Vil New York yo nan refinance obligasyon orijinal yo ki te finance pwojè yo nan yon to enterè ki ankò pi ba. Tranzaksyon an estime fè ekonomi 149 milyon dola pou kontribiyab Vil New York yo pou 30 ane k ap vini yo.

Anplis vant obligasyon an non Vil New York, Konsèy la te apwouve 10 milyon dola nan finansman alontèm san enterè pou twa pwojè ki egziste deja nan **Vilaj Lake Placid nan Konte Essex (North Country), Vilaj Sherman nan Konte Chautauqua (Western NY)** ak **Vil Woodhall nan Konte Steuben (Southern Tier)**. Finansman akoutèm yo bay kapital pou pwojè konsepsyon ak konstriksyon yo. Depi pwojè konstriksyon an fini, yo refinance finansman akoutèm yo an jeneral atravè finansman alontèm pou jiska 30 ane, ki ekonomize depans enterè ki enpòtan minisipalite yo pa rapò ak pwòp finansman yo.

Baze sou kondisyon aktyèl mache yo, yo pwojete ke finansman alontèm sa yo ap fè kontribiyab yo ekonomize yon estimasyon 15 milyon dola nan peman enterè sou tout dire lavi finansman yo.

Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal Eta New York la ak Prezidan Konsèy EFC a, Basil Seggos te deklare, "Gouvènè Hochul kontinye priorize pwoteksyon bon jan kalite dlo New York, jan yo wè ak investisman enpòtan nan enfrastrikti ak rezistans nan Bidjè Egzekitif 2024-25 la ki ta pote finansman total depi 2017 a 5.5 milya dola, ak 78 milyon dola nan sibvansyon ak asistans finansman yo te anonse jodi a. Finansman an pral ede minisipalite yo nan tout eta a nan konplete pwojè pou pwoteje dlo potab ak restore resous natirèl yo, pandan y ap sipòte kwasans ekonomik nan zòn ki pi bezwen li."

Komisè Sante Eta New York la, Doktè James McDonald, te deklare, "Mwen remèsye Gouvènè Hochul ak Kòporasyon Etablisman Anviwònmanal pou lidèchip yo nan devlope opòtinite finansman ki sipòte enfrastrikti dlo pwòp ki potab. Asistans finansye sa a pral yon eleman ki chanje jwèt la pou anpil kominote, sa ki pèmèt yo kòmanse pwojè dlo potab enpòtan ki pral pwoteje sante rezidan pa yo."

Lidè Majorite Sena a, Charles Schumer, te deklare, "Dlo pwòp ki potab se yon dwa pou tout moun, se poutèt sa mwen te enjekte gwo dola federal nan New York nan Lwa sou Enfrastrikti ak Travay Bilateral nou an pou amelyore enfrastrikti dlo potab ak egou ki aje. Finansman jodi a ajoute sou plizyè milyon dola pou konstwi sistèm dlo pwòp ak potab epi asire fanmi, timoun ak granmoun aje nan chak kwen Empire State ka gen dlo san kontaminan. Soti nan Rejyon Kapital la rive nan Lwès New York, plis vwazen nou yo pral gen dlo pwòp ki potab pandan n ap kreye djòb, djòb, djòb. Mwen fyè pou m bay finansman federal enpòtan sa a avèk Gouvènè Hochul pou chanje enfrastrikti dlo New York ki aje a."

Reprezantan Paul Tonko te deklare, "Chak lavi ak chak travay depann de dlo. Reyalite debaz sa a se rezon mwen te travay pandan plizyè ane nan Kongrè a pou ogmante envestisman federal nan dlo potab epi mwen te pwofondman fyè pou m avanse Lwa sou Enfrastrikti Bilateral la pou adrese sistèm dlo Etazini yo ki an defayans. Mwen kontan wè dola enpòtan sa yo ap sikile nan kominote nou yo epi mwen pral kontinye travay pou asire tout Nouyòkè yo gen aksè ak dlo ki sanfanje, ki pwòp epi ki potab."

Sekretè Deta New York, Robert J. Rodriguez, te deklare, "Dlo pwòp enpòtan anpil pou nenpòt kominote epi pwoteje li dwe yon priyorite pou ede kenbe yon enpak pozitif sou sante tout Nouyòkè yo. Lè nou mete enfrastrikti dlo sou yon chemen dirab, n ap kite yon eritaj dirab pou jenerasyon k ap vini yo."

Angajman New York pou Kalite Dlo

Envestisman prensipal Eta New York nan enfrastrikti dlo pwòp totalize 5 milya dola depi 2017. Gouvènè Hochul semèn sa a te anonse 325 milyon dola nan sibvansyon ki disponib pou pwojè enfrastrikti dlo atravè pwochen etap pwogram WIIA ak IMG Eta a. Aksyon sa a imedyatman respekte angajman finansman dlo pwòp Gouvènè Hochul [te anonse](#) nan Bidjè Egzekitif ak diskou Eta Leta li a, ki gen ladann yon seri chanjman pou maksimize avantaj pou ti kominote riral yo ak kominote ki defavorize yo. Aplikasyon ak kritè elijibilite konplè a ap vin disponib nan efc.ny.gov nan lendi 5 fevriye.

Gouvènè a te lanse Ekip Asistans Kominotè pou elaji pwogram asistans teknik EFC epi ede ti kominote riral yo ak kominote ki defavorize yo ogmante finansman sa a pou adrese bezwen enfrastrikti dlo pwòp pa yo. Yo ankouraje nenpòt kominote ki bezwen èd ak bezwen enfrastrikti dlo yo pou kontakte EFC nan efc.ny.gov/CAT.

[Lwa sou Obligasyon pou dlo pwòp, lè pwòp ak travay ekolojik \(Clean Water, Clean Air and Green Jobs Environmental Bond Act\)](#) 4.2 milya dola elektè yo apwouve a ap fè nivo finansman istorik la avanse pou modènize enfrastrikti dlo ki ansyen epi pwoteje kalite dlo, ranfòse kapasite kominote yo pou yo reziste kont gwo tanpèt ak inondasyon, redwi polisyon nan lè a epi diminye emisyon ki chanje klima yo; retabli abita yo epi prezève espas deyò ak fèm lokal yo. Premye faz finansman nan kad Lwa sou Obligasyon Anviwònmantral la te akòde atravè pwogram WIIA/IMG nan mwa desanm, lè Gouvènè Hochul te anonse 479 milyon dola nan sibvansyon pou 156 pwojè atravè Eta New York. Kominote defavorize yo pral resevwa omwen 35 pousan nan benefis finansman Lwa sou Obligasyon an, avèk yon objektif 40 pousan.

###

Lèt nouèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)